Ассаламу гIалайкум!

# ГЬУДУЛЛЪИ
## ДРУЖБА

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 34 (9854) | 19 май | Рузман | 2017 сон

# КИН ЦIУНИЛЕБ РАХЬДАЛ МАЦI



*Бахумеседо ГIабдулмажидова*
*Кьохъ росдал гьоркьохъеб школалда мугIалимлъун хIалтIулей йиго 28 соналъ.*
*Гьелъ кьола авар мацIалъул ва литератураялъул дарсал.*
*Нижеца гьоркьехун бахъулеб буго, Бахумеседоца, авар мацIалъухъ рак1 унтун, берцинаб мац1алда хъвараб, макъала.*
*Сардилъги кьоязул кунчIи ссунареб*
*Сайгъатлъун лъугьана дие авар мацI!*

Авар мацIалъул мугIалим щибаб дарсиде хIадурлъизе ккола къали сабрудалги, магь рокьулги, рикьи гьунаралъулги аскIобги чIезабун.

ХинкIазе жо буцулелъул ханжу гIадин, цIалкIинисан биччазе ккола гьес дарсил план.

Гьанжесеб гIелалъул лъимал, гьабсагIат школазда бугеб лъай кьеялъул къагIидаби гIуцIулеб мехалъ, цере рукIараздаса гIемер батIиял руго. Гьезул тIалабалги хасияталги руго батIиял, гьел жанир гIолеб жамгIияб гIуцIиялъул кинабго жоялде бербалагьиги хисун буго.

КIочонеб буго, камилго лъалеб гьечIо рахьдал мацI. МацI лъаларел лъималаз художественниял тIахьалги кин цIалилел?

Лъалеб гьечIо нилъер лъималазда адабият.

Гьелде тIадеги, гIасруялдаго ккараб унтиги ккун буго нилъер лъималаздаги. Компьютералда нахъа лъабго-ункъо сагIаталъги хIазе гIодор чIела гьел, анцIго-анцIила щуго минуталъниги тIехь кодобе босизе заман гьечIо.

КъватIахъе, бертабалъе кьерилалгун иналдасаги рокьулел руго лъималазе компьютерниял хIаял. Гьединлъидал, умумузеги хIажалъичIеб, лъималазеги бокьулареб магIарул мацIалъул дарс цIакъго ургъун, борца- кьотIун, къачIан хIадуризе ва кьезе къваригIун буго.

Рахьдал мацIалъул учительзабазда, тIоцебе дидаги, тIадаб буго гурун гъуждулгун, нилъерго мацI хвасар гьабиялда тIад хIалтIизе.

Авар мацIалъул учителасда кодоб буго къуватаб ярагъ-авар мацIалъул дарс.

«Яс йихьулеб матIурасайилан» аби буго магIарулазул. Яс йихьулеб матIу некIо раса букIун батани, учителасул рухIияб рахь бихьулеб матIуги, гьесул пикруялъул бечельиги, гьунаралъул, бажариялъул камиллльиги борцунеб роцен дарс бугилан абизе бегьула гьанже. Цо дарсихъ балагьунги кьимат кьезе бегьула учителасул бажариялъе, махщалие.

ХIалтIуде рокьиги гьечIони, гьабулеб ишалъухъ ракIги унтичIони, щибаб лъимералъе гьуинлъиги кьечIони, нилъер учительзабазул гьабураб хIалтIудаги, кьураб дарсидаги нур букIунаро.

ПалхIасил, рокьи гьечIони, гьираги букIунаро, гьира гьечIеб жоялъе бажариги хIалтIизабуларо инсанас.

«ХIакъикъат» газеталъул цо гьурмада дида батана авар мацIалда тIасан докторлъиялъул диссертация цIунарав ингилисав Саймон Кристинил хIакъалъулъ макъала.

Гьесул рагIабазда рекъон, дунялалда бищун берцинаб буго магIарул мацI.

Ма ша Аллагь дун йохараб куц гьел рагIабазда!

Гьединго, гьес абулеб буго Дагъистаналда ругел мацIал тIубанго тIагIиналда хIинкъи бугиланги.

**Кинха цIунилеб рахьдал мацI?**

Дир хIисабалда, гьеб цIунун хутIизе ккани, гIемерисеб бараб буго республикаялъул нухмалъулезда, гьелдехун гьезул бугеб бербалагьиялда.

Рахьдал мацIалъе школазда рихьизарурал сагIталги цIикIкIинарулел ругони, гьеб малълъиги киналго школазда тIадаблъун гьабулеб бугони, учительзабазул лъаялда хадуб халги кколеб бугони, гIураб къадаралда тIахьалги риччалел ругони, цIалдохъабазда ЕГЭги кьезабулеб бугони, гьелъул бугеб кIваралъул пикру гьабизе буго лъималазгун эбел-инсуца.

Дие абизе бокьун буго, лъималазда мацI лъазе ккани кьучI лъезе кколин эбел-инсудасан,садиказдасагун школаздаса байбихьун. Гьай-гьай, хIажалъула жибго лъимадул хIаракатчилъиги. Гьеб ккола аслияблъун. Гьеб лъимералда жиндаго бичIчIизе ккола жиндираллдаса берцинабги пасихIабги мацI цоги гьечIеблъи, гьеб хазина цIуничIони, дунялалда вукIун чиясул пайда букIунареблъи.

Дие бокьун буго поэт МухIамад АхIмадовасул кочIол рагIаби гьанир рехсезе ва гьел нужеца цIализе.

**МацI кIочараб миллат молода лъола,**
**Малидул гIоркь ккве-зе чи хутIуларо**
**ХутIараб кинабго гьадингояб жо,**
**Гьардарав БетIергьан, цIуне авар мацI!**

БачIунгеги магIарулазда рахьдал мацI кIочараб къо!

Нилъерго килщаз гIадин, нилъер мугъ цогидас хъасуларилан абула.

Кинха бугеб нилъер школалда адабият ва рахьдал мацI малъи-лъай?

Нижеца кIудияб кIвар кьола методобъединениязул хIалтIуде.

Хасго лъикI хIалтIула **мацIазул** секция. Гьелъие нухмалъиги гьабулеб буго хIалбихьи бугей мугIалим Шамсудинова Гьадигат Сиражудиновнаялъ.

«Аби буго, гьунарал реэдиялъ лъалъазе кколилан. Адабиятги гьветI гIадин гIезабизе ккола. Гьеб хIалтIи «рагьарал» дарсалги кьун кьокълъуларо.

РекIелъ лъикIаб асар тана ХIасанова Гьадигатил «МугIрузул ГIали» абураб темаялда кьураб рагьараб дарсалъ. Учительницаялъул лъикIаб гьунарги-махщелги букIин бихьулеб букIана.

Кинго кIочонаро МухIамадова ГIайшатица гьабураб «Къахъадерил бертин» абураб театрализаб сценка. Гьениб бихьулеб букIана унго-унгояб адабият, цоги нухалъ районалъул телевидениялдаса бихьизабизе бокьилаан дие гьеб. Гьединго, ХIамзатова ГIайшатицаги гIемераб хIалтIи гьабула цIуниялда, бечелъизабиялда тIад.

-Нижеца школалда тIобитIана Кьохъа МухIамадил литературияб вечер, гьабуна тIахьазул выставка. ТIасиял классазул цIалдохъаби куцаялъул мурадалда, тIоритIула зама-заманалдаса тIахьал цIалулезул конференциябиги.

Библиотекаялъул хIалтIухъабазги, учительзабазги, цIалдохъабазги цадахъ лъугьун гьабула рехсараб хIалтIи.

Руго нижер гIоларел рахъалги.

Цебе олимпиадабазда, къецазда кидаго Кьохъ школалъ тIоцебесеб бакI кколаан. Гьанже кIиабилеб, лъабабилеб бакI щола.

Дица абила нижер лъимал махщелги, гьунарги, лъайги бугел ругилан. Нижго гIураб къадаралда хIалтIулел гьечIо гьелгун. Дие гьеб якъинлъана школалда тIоритIарал олимпиадаялъул хIалтIабазул хал гьабулаго.

Газеталде хъвадаруларо. Цо чанго макъала хъван бачIана МухIамадова Гьадигатица.

НилъергIан бечедаб материал батиларо.

Доб адабияталъул сонги - букIана, лъугIана, анаян течIого, халкъалда гьоркьоб хадубккун литература тIибитIиялъе кьучI лъолеб сонлъун хутIизе бокьилаан дие.

Авар мацIалъул дарсал бищунго лъималазе рокьулеллъун гьаризе ккола.

Гьел кьокь гьарулел ругилан харбал руго . Дун гьелъул гIадлу гьабулей гIадан гуро, амма гIайиб гурищха авар мацIалъул дарсалги дагь гьарун, гIурус мацIалъе кьей.

Огь, магIарул мацIалъул гIалимзаби, щагIирзаби, нужер хIакъаб рагIи къваригIун буго мацIги, миллатги, адабиятги цIунизе наслабазе.

МацI цIунула, цолъизабула, лъикIлъизабула, бечелъизабула цоги сунцаниги гуро-цохIо-адабияталъ. Адабият халкъалда жаниб бугебгIан заманаялъ рахьдал мацIги цIунун хутIула.

# БЕРЦИНЛЪИГУН РАЦIЦIАЛЪИ ЦIУНИЗИН



Россиялъул Президент В.В. Путинил 2016 соналъул 5 январалъ бахъараб Указалда рекъон 2017 сон рагIинабуна экологиялъул Сонлъун.

Нилъер районалдаги росабалъги кIудияб кIвар кьолеб буго гьелде. ГIуцIулел руго субботникал, рацIа-ракъалъи гьабулеб буго жидерго азбар-къоноялда,

Экологиялъул комитетгун цадахъ рохьил магIишаталъул кумекалдалъун рикьун руго бакI-бакIазде лъезе накIкIидул гъутIби.

Гьелда бан школазда кьолел руго экологиялда хурхарал дарсал, чIолел руго гъутIби.

Гьедин Болъихъ №1 гьоркьохъеб шко-



лалда хIалтIулей Ума ХIайдарбеговалъул классалъ гьелъ жинцаго рокъоса бачIун ракгун школалъул азбаралда чIана накIкIидул гъутIби, гьебго школалъул мугIалим ПатIимат МухIамаднабиевагун цадахъ гьелъул классалъги чIана гъутIби, бицана лъималазда гьел гъутIбуздаса букIунеб мунпагIатлъиялъул.

Экологиялъул комитетгун ва рохьил магIишаталъул хIалтIухъабигун цадахъ централизованнияб библиотекаялдаги М. ИзмагIиловгун цадахъ, гьезул хIалтIухъабазги чIана гъутIби.

**З. КИРИШИЕВА.**
**Болъихъ Лесхозалъул хIалтIухъан**



# БЕШЕНСТВО

Бешенство - это острое инфекционное заболевание, вызываемое вирусом бешенства, возникающее в результате укуса или ослюнения больным животным, которое передается человеку со слюной больного животного, затем распространяясь по нервным путям вирус достигает слюнных желез и нервных клеток коры головного мозга, вызывает тяжелые необратимые нарушения центральной нервной системы. У людей заражение вирусом бешенства в случае развития симптомов почти неизбежно приводит к смертельному исходу в течение нескольких дней.

Бешенство является одним из самых особо -опасных инфекционных заболеваний.

Как заражаются бешенством?

Наибольшая вероятность заражения от лис и бездомных собак, обитающих за городом. Также источниками заражения бешенством являются.

дикие животные: волки, лисицы, шакалы, енотовидные собаки, барсуки, скунсы, летучие мыши и другие грызуны;

домашние животные собаки, кошки, лошади, свиньи, мелкий и крупный рогатый скот

Источником заражения человека вирусом бешенства являются инфицированные животные. Вирус проникает в человеческий организм при укусе, а также при попадании слюны больного животного на слизистые оболочки или поврежденную кожу, после чего распространяется по нервным окончаниям, поражая практически всю нервную систему.

Меры профилактики бешенства при укусах:

До сих пор единственным средством помощи людям, подвергшимся риску инфицирования, в первую очередь - при нападении животного, является своевременное введение антирабического иммуноглобулина и назначение курса иммунизации против бешенства.

Каждый человек, подвергшийся нападению животного (домашнего или дикого), даже если повреждение кажется не значительным (ослюнение, ссадина, царапина) обязательно должен обратиться за медицинской помощью в травм.пункт, врачу-травматологу или хирургу, в приемное отделение лечебно-профилактических учреждений для осмотра, обработки раны и назначения антирабического лечения.

В зависимости от нанесенных повреждений, врач назначит прививки по специальному курсу, который состоит из нескольких инъекций. Применение вакцины проводится под контролем врача и связано с рядом необходимых ограничений, но прерывать лечение нельзя. В некоторых случаях лечение проводится в условиях стационара.

Помните! Своевременное обращение за медицинской помощью и полное проведение курса антирабических прививок являются надежным способом защиты от заболевания бешенством.

# РЕШЕНИЕ

***от 27 апреля 2017 года № 1***

Об избрании главы сельского поселения «сельсовет Рикванинский»

В соответствии с Федеральным законом от 06.10.2003 № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» и Уставом сельского поселения «сельсовет «Рикванинский», Собрание депутатов сельского поселения «сельсовет «Рикванинский» решило:

1. Избрать главой сельского поселения «сельсовет «Рикванинский» Курбанова Али Абдуллаева.

2.Настоящее решение вступает в силу со дня его принятия..

**Глава СП «сельсовет «Рикванинский»**
**Председатель Собрания депутатов Курбанов А.А.**

# РЕШЕНИЕ

**от 27 апреля 2017 года № 2**

***О досрочном прекращении полномочий депутатов Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет «Рикванинский» Халимова Р.Б. и Ахмедханова А.М.***

Рассмотрев заявления депутатов Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет «Рикванинский» Халимова Р.Б. и Ахмедханова А.М. о досрочном прекращении полномочий депутата Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет «Рикванинский», в соответствии с пунктом 10 части 2 статьи 40 Федерального закона от 6 октября 2003 года № 131 – ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», пунктом 2 части 1 статьи 29 Устава сельского поселения «сельсовет «Рикванинский», Собрание депутатов сельского поселения «сельсовет «Рикванинский» решило:

1. Прекратить досрочно полномочия депутата Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет «Рикванинский» Халимова Руслана Болатовича, избранного по Рикванинскому многомандатному избирательному округу, с 27 апреля 2017 года, на основании его письменного заявления о сложении депутатских полномочий по собственному желанию.

2. Прекратить досрочно полномочия депутата Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет «Рикванинский» Ахмедханова Ахмедхана Магомедовича, избранного по Рикванинскому многомандатному избирательному округу, с 27 апреля 2017 года, на основании его письменного заявления о сложении депутатских полномочий по собственному желанию.

3. Настоящее решение подлежит официальному опубликованию (обнародованию) и вступает в силу со дня его принятия.

**Глава СП «сельсовет «Рикванинский»**
**Председатель Собрания депутатов Курбанов А.А.**

# ИЗВЕЩЕНИЕ

***о предоставлении земельного участка***

В соответствии с пп.15 п.2 статьи 39.6. и статьей 39.18 Земельного кодекса Российской Федерации администрация МО СП «село Рикванi» муниципального района «Ботлихский район» Республики Дагестан извещает о предоставлении земельных участков в аренду для сельскохозяйственного производства, относящегося к категории земель: «земли сельскохозяйственного назначения», с разрешенным использованием: «для сельскохозяйственного производства»:

1) Лот № 1-с кадастровым № 05:23:000033:127/1, площадью 500000 кв.м;
2) Лот № 2-с кадастровым № 05:23:000033:127/2, площадью 500000 кв.м;
3) Лот № 3-с кадастровым № 05:23:000033:127/3, площадью 450000 кв.м;
4) Лот № 4-с кадастровым № 05:23:000033:127/4, площадью 450000 кв.м;
5) Лот № 5-с кадастровым № 05:23:000033:127/5, площадью 400000 кв.м;
6) Лот № 6-с кадастровым № 05:23:000033:127/6, площадью 400000 кв.м;
7) Лот № 7-с кадастровым № 05:23:000033:127/7, площадью 500000 кв.м;
8) Лот № 8-с кадастровым № 05:23:000033:127/8, площадью 500000 кв.м;
9) Лот № 9-с кадастровым № 05:23:000033:127/9, площадью 500000 кв.м;

расположенных по адресу (местоположению): Республика Дагестан, Ботлихский район, с. Риквани (далее по тексту - земельные участки).

Граждане и крестьянские (фермерские) хозяйства, заинтересованные в предоставлении земельных участков, в течение 30 дней со дня опубликования извещения о предоставлении земельных участков в районной газете «Дружба» Ботлихского муниципального района Республики, вправе подать заявления о намерении участвовать в аукционе на право заключения договора аренды земельного участка.

Заявления могут быть поданы лично гражданином или его представителем, действующим на основании документов установленных законодательством РФ, с 19.05.2017г. по 20.06.2017г. года ежедневно, исключая выходные и праздничные дни с 8 ч. 00 мин. до 12 ч. 00 мин. и с 13 ч.00 мин до 17 ч.00 мин. по адресу: Республика Дагестан, Ботлихский район, с. Риквани, в здании Администрации.

Заявители могут ознакомиться со схемой расположения земельного участка ежедневно, исключая выходные и праздничные дни по адресу: Республика Дагестан, Ботлихский район, с. Риквани, в здании Администрации.

Дата и время окончания приема заявлений 20.06.2017 г., 8:00 (время Московское).

**Глава АСП «село Риквани» А. А. Курбанов**

# Коллектив Отдела МВД России по Ботлихскому району поздравляет всех детей Республики Дагестан и России с Международным днём защиты детей !

Только бы ЛЕТО не уходило...,
Только бы ЛЕТО не исчезало...
Только бы ЛЕТО было и было-
Сколько бы ни было...
Все его мало...

Многие помнят то неподдельное чувство истинно детского счастья – начало долгожданных каникул, день защиты детей, рисунки мелками на асфальте. Голубое небо, летнее жаркое солнце, беззаботный шумный маленький народ, рисующий мелками цветные облака и домики.

День защиты детей, приходящийся на первый день лета – один из самых старых международных праздников, его отмечают во всем мире с 1950 года.

Решение о его проведении было принято Международной демократической федерацией женщин на специальной сессии. ООН поддержала эту инициативу и объявила защиту прав, жизни и здоровья детей одним из приоритетных направлений своей деятельности.

Международный день защиты детей – это, прежде всего, напоминание взрослым о необходимости соблюдения прав детей на жизнь, на свободу мнения и религии, на образование, отдых и досуг, на защиту от физического и психологического насилия, на защиту от эксплуатации детского труда как необходимых условий для формирования гуманного и справедливого общества.

День защиты детей всегда отмечается проведением различных мероприятий, цель которых – привлечь внимание к положению детей всего мира. В 1959 году ООН приняла Декларацию прав ребенка, в которую вошли статьи, призывающие родителей, государственные органы, местные власти и правительства, неправительственные организации признать изложенные в них права и свободы детей и стремиться к их соблюдению. Декларация носила лишь рекомендательный характер и не имела обязательной силы. Требовались другие законы, и 20 ноября 1989 года ООН приняла Конвенцию о правах ребенка, которую подписала 61 страна. 13 июля 1990 года Конвенция была ратифицирована в СССР.

Права детей в России защищает Федеральный закон «Об основных гарантиях прав ребенка в Российской Федерации» от 24 июля 1998 года. Закон устанавливает основные гарантии прав и законных интересов ребенка, предусмотренных Конституцией Российской Федерации, в целях создания правовых, социально-экономических условий для реализации прав и законных интересов ребенка.

Государство признает детство важным этапом жизни человека и исходит из принципов приоритетности подготовки детей к полноценной жизни в обществе, развития у них общественно значимой и творческой активности, воспитания в них высоких нравственных качеств, патриотизма и гражданственности.

В особом внимании нуждаются дети, которые зачастую «выпадают из поля зрения» властей и общества в целом: дети в кризисной ситуации, дети, живущие с ВИЧ, «уличные дети», дети мигрантов и другие.

Одна из наиболее остро стоящих проблем в России – положение детей-инвалидов и их семей. Сегодня в стране более 600 тысяч детей, имеющих статус «инвалид».

Так что День защиты детей надо ценить как праздник, который помогает социальному развитию детей, физическому и душевному.

**Коллектив Отдела МВД России по Ботлихскому району** поздравляет всех детей Республики Дагестан и России с Международным днём защиты детей !

Поздравляя всех ребят с этим замечательным праздником, хочется пожелать им расти здоровыми, любознательными, добрыми, понимать и познать настоящую дружбу! День защиты детей – это напоминание взрослым о том, что на нашей планете все девчонки и мальчишки должны быть счастливыми, так давайте же окружать их любовью, заботой и вниманием, отдавая им тепло своих сердец !

**Подготовил юрисконсульт**
**капитан вн. службы Исаев Г.М.**

ГЬУДУЛЛЪИ

Газета гІуцІарал:

МР «Болъихь районалъул администрация

учредители:

Администрация МР «Ботлихский район»

БетІерав редактор

ГІ.ГІ.ГІумаханов

Отделалъул редакторал

П. Дибирова

А. Агъларов

Мухбирзаби

З.МухІамадова

М. ГІумаханова

Наборщица
П. Эльдарова

Дизайнер
С. Камилова

Программист
А. Ибрагьимова

Фотокорр
Ш.Муртазалиев

Индекс: 368970

Адрес: ДР, Болъихь районалъул Болъихь росу, Школалъулаб къватІ

Телефонал:

Редакторасул 2-20-53

гІаммаб 2-20-37

Эл. адрес druzhba555@mail.ru

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, къабуна ООО «Лотос» типографиялда.

Адрес: 367018, МахІачхъала, Пушкинил къватІ, 6

Тираж -550

Индекс-51349

Багьа-6 гъурущ

Газета печаталде къуна 16.00 хамиз къоялъ

Газета къабуна 20.00

Заказ № _____

Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакІалъулаб управлениялъ.

Регист. ПИ

№ 10 - 4614

Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жавабчІола гьезул авторал.

# СПОРТ.СПОРТ.СПОРТ

## ГЬАРУЛА ИКЪБАЛ!

Араб анкьалъ Хасавюрт шагьаралда тІобитІана гІолохъабазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ къецал.

Гьениб гІахьаллъи гьабуна Северияб Кавказалъул тІолго регионаздаса речІчІухьабаз.

Дагъистаналъул тІаса бищараб командаялда гьоркьоб гІахьаллъи гьабуна Болъихь росулъа Набиев



ХІажимухІамадица. 77 кг. цІайи бугел речІухъабазда гьоркьов гьев вахьана чемпионлъун.

ХІажица гІахьаллъи гьабизе буго Ингушетия республикаялда тІобитІизе бугеб Россиялъул чемпионаталда.

Гьарула гьесие гьел къеркьеязулъ икъбал, битІкеей ва дунялалъул чемпионаталде путевка.

## МИЛЛИЯБ ГУГАРИЯЛЪУЛ КЪЕЦ



9 маялъ, КІудияб бергьенлъиялъ 72 сон тІубаялъул хІурматалда, Болъихь тІобитІана миллияб гугариялъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпион ГІабдурахІман ХІамзаевасул призалъе гІоло миллияб гугариялъул рахъалъ турнир.Гьениб гІахьаллъи гьабуна щуго цІайиялъул категориязул 40 речІчІухъанас.

Чемпионаллъун ва призераллъун рахъана.

*60кг. цІайиялда:*

тІоцебесеб бакІ- Гадаев МухІамад-АнсалтІа

кІиабилеб бакІ- ГІабдулхІамидов МухІамадхІажи-АнсалтІа

лъабабилеб бакІ- ГІабдулхІалимов АбдурахІим-АнсалтІа

*70 кг . цІайиялда:*

ТІоцебесеб бакІ- Сиражудинов МухІамад-АнсалтІа

КІиабилеб бакІ –Абсалудинов Шамиль-АнсалтІа

Лъабабилеб бакІ-ТІалхІатов Чупан-МигІарсо

*80кг.цІайиялда:*

ТІоцебесеб бакІ-ХІажиев ХІусен-АнсалтІа

КІиабилеб бакІ –ХІусейнов Муслим-АнсалтІа

Лъабабилеб бакІ-МухІамадкаримов МухІамадкарим-ТІандо

*90кг.цІайиялда:*

ТІоцебесеб бакІ-Мухтаров ГІумар-АнсалтІа

КІиабилеб бакІ-МухІамадов МухІамадхІажи-АнсалтІа

Лъабабилеб бакІ- ГІалиев Дибир-АнсалтІа

**Абсолютияб цІайиялда:**

ТІоцебесеб бакІ –МухІамадов Адам-АнсалтІа

КІиабилеб бакІ-НурахІмаев Алдан-РахатІа

Лъабабилеб бакІ МухІамадов МухІамадхІажи.

Бергьенлъи босарал мустахІикълъана гІарцулал шапакъатазе, дипломазе. МухІамадов Адамие призлъун лъугьана куй.



## БИЩУН ЛЪИКІАВ ГЬУЖУМАЛЪУЛАВ



Дагъал церегІан къояз Вологда шагьаралда тІобитІана вузазда гьоркьоб волейболалъул рахъалъ Россиялъул чемпионат.

Гьел къецазда гІахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул тІаса бищараб командаялъги. Гьеб командаялда гьоркьор рукІана нильер районалдаса АнсалтІа росулъа Къурбанов ГІумар ва РахатІа росулъа ШагІбанмирзаев Ражабдибир.

Къецазул хІасилазда Дагъистаналъул командаялъ ккуна тІоцебесеб бакІ. Гьел мустахІикълъана Европаялъул чемпионаталде гІахьаллъи гьабиялъе путевкаялъе.

Гьединго ШагІбанмирзаев Ражабдибир мустахІикълъана «Бищун лъикІав гьужумалъулав» абураб цІаралъе.

*Болъихь №1 СОШалъ 1985 соналъ* МухІамадгІалиева Хадижат Лабазанхіажиевналъул цІаралда къураб аттестат В №112959 билун буго. Гьеб гьанжеялдаса нахъе **хІакъикъияб гуреблъун рикІкІуна.**

**РАЙОНАЛЪУЛ ГІАДАМАЗЕ БАЯНАЛЪЕ**

***«ХЕХАБ КУМЕКАЛДЕ» АХІИЗЕ ККАНАНИ 03 ГУРЕБ, БИЛАЙНАЛДАСА БУКІА, МЕГАФОНАЛДАСА БАТІАЛЪИ ГЬЕЧІО ЖИБГО 103 –ЯЛДЕ АХІЕ.***

## Колонка прокурора

### Внесены изменения в Кодекс Российской Федерации об административных правонарушениях

18.03.2017 вступил в силу Федеральный закон от 07.03.2017 № 26-ФЗ «О внесении изменений в Кодекс Российской Федерации об административных правонарушениях».

Указанным федеральным законом введена административная ответственность за невыполнение в установленный срок законного предписания (представления) органа (должностного лица), осуществляющего федеральный государственный надзор в области обеспечения безопасности дорожного движения, об устранении нарушений законодательства и за повторное в течение года совершение административного правонарушения, предусмотренного частью 27 настоящей статьи (ч.ч. 27 и 28 ст. 19.5 КоАП РФ).

Санкция статьи предусматривает наложение административного штрафа на должностных лиц в размере от тридцати тысяч до пятидесяти тысяч рублей; на юридических лиц - от ста тысяч до двухсот тысяч рублей; при повторном совершении правонарушения влечет наложение административного штрафа на должностных лиц в размере от семидесяти тысяч до ста тысяч рублей или дисквалификацию на срок до трех лет; на юридических лиц - от двухсот тысяч до трехсот тысяч рублей.